# QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASI STATISTIKA BASQARMASI

## 2019-jıl yanvar-oktyabr aylarında QURILIS JUMISLARI

***Sanlar:***

Qurılıs jumısları kólemi - ***2719,0 mlrd. sum***

***úlesi:***

*Iri qurılıs kárxanaları-**10,0 %***

*Kishi kárxanalar hám mikrofirmalar -**68,1 %***

*Qurılısda rasmiy bolmaǵan sektordıń úlesi- **21,9 %***




Qaraqalpaqstanda qurılıs jumısları investiciya kiritiliwdiń eń ahmiyetli tarawlarınıń biri bolıp esaplanadı. 2019-jıldıń yanvar-oktyabr aylarında  Respublikada jámi 2719,0 mlrd.sum qurılıs jumısları islengen bolıp, o`sim páti o`tgen jıldıń usı dáwirine salıstırǵanda 122,4 % dı quradı.

Iri qurılıs kárxanaları tárepinen 270,7 mlrd.sum qurılıs jumısları islenip, jámi qurılıs jumısları kóleminiń 10,0 %, hámde o`sim páti ótgen jıldıń usı dáwirine salıstırǵanda 92,0 %dı quradı.

Kishi kárxanalar hám mikrofirmalar úlesine jámi qurılıs jumısları kóleminiń 68,1 %ı  yaki 1852,6 mlrd.sum tuwrı keldi hám o`sim páti o`tgen jıldıń usı dáwirine salıstırǵanda 124,4 %dı quradı, qurılısda rasmiy bolmaǵan sektordıń úlesi 21,9 %, yaki 595,7 mlrd.sumǵa tuwrı keldi hámde o`sim páti o`tgen jıldıń usı dáwirine salıstırǵanda 133,7 %dı quraydı.

**Iri qurılıs karxanaları**




**Kishi kárxanalar hám mikrofirmalar**




**Rasmiy bolmaǵan sektor**




Qurılıs jumısları mlrd.sum
2000
1500
1000
500
0
1852,6
595,7
270,7
İri qurılıs karxanaları
Kishi kárxanalar hám mikrofirmalar
Qurılısda rasmiy bolmaǵan sektor


92,0 %
İri qurılıs karxanaları
124,4 %
Kishi kárxanalar hám mikrofirmalar
133,7 %
Qurılısda rasmiy bolmaǵan sektor


Qurılıs jumısları úlesi
64,5 %
68,1 %
12,7 %
10,0 %
22,8 %
21,9 %
İri qurılıs karxanaları
Kishi kárxanalar hám mikrofirmalar
Qurılısda rasmiy bolmaǵan sektor
yanvar-oktyabr 2018 jıl
yanvar-oktyabr 2019 jıl

Qaraqalpaqstan Respublikasında ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha qurılıs jumısları

yanvar-oktyabr 2019-jil




67,1 %

Qurılıs jumısları túrleri boyınsha imarat hám inshaatlar qurılısı ótgen jılǵa salıstırǵanda 5,1 %ǵa ósgen.




## Múlkchilikdiń mámleketlik emes formasındaǵı qurılıs mekemeleri

yanvar-oktyabr 2019 jıl

## Múlkchilikdiń mámleketlik formasındaǵı qurılıs mekemeleri




yanvar-oktyabr 2019 jıl



Múlkchilikdiń mámleketlik emes formasındaǵı qurılıs mekemeleri tárepinen 2577,3 mlrd. sumlıq qurılıs jumısları islengen bolıp, jámi qurılıs jumısları kóleminń 94,8 %ın quradı hám bul kórsetkish ótgen jıldıń usı dáwirine salıstırǵanda 2,2 %ǵa kemeydi.

## Rayonlar kesimide qurılıs jumısları

| Rayonlar | mlrd.sum | ósim páti, % |
|---|---|---|
| Qaraqalpaqstan Respublikası | 2719,0 | 122,4 |
| Nókis qalası | 926,9 | 113,2 |
| Amiwdarya | 218,7 | 101,4 |
| Beruniy | 175,1 | 160,5 |
| Qaraózek | 57,2 | 122,4 |
| Kegeyli | 48,7 | 108,0 |
| Qońirat | 290,2 | 100,7 |
| Qanliklól | 33,2 | 102,9 |
| Moynaq | 37,9 | 147,4 |
| Nókis rayoni | 126,0 | 139,5 |
| Taxiatash | 111,4 | 150,4 |
| Taxtakópir | 115,1 | 165,5 |
| Tórtkul | 197,3 | 137,2 |
| Xojeli | 168,5 | 207,7 |
| Shimbay | 43,5 | 106,8 |
| Shomanay | 40,6 | 101,3 |
| Ellikqala | 128,7 | 117,3 |

**Qurılıs jumıslarınıń joqarı ósim pátleri Respublikanıń derlik bárshe rayonlarında kúzetiledi. Bul Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń PP-3507 sanlı qararına tiykar Aral boyı regionın rawajlandırıw maqsetinde reestrǵa kiritilgen , Qoraqalpaqstan Respublikasındaǵı qatar obyektler qurılısı, rekonstruksiya, kapital ońlaw jumısları menen baylanıslı.**

---

**yanvar-oktyabr 2019 jıl**

## 122,4 %
## Qaraqalpaqstan Respublikası
## 2719,0 mlrd. sum

Respublikada alıp barılıp atırǵan iri qurılıs jumıslarınan kollektorlardı ońlaw-tiklew jumısları, bir neshe kanallardiń rekonstruksiyasi, Ustyurt keńisliginde neft ham gaz izlew barisindaǵı qurılıs jumısları, Maypost koli boyındaǵı damba qurılısı, Amudarya kanalına suw aǵatuǵın joldi ornatiw boyinsha isler alip barilmaqda.Sonday-aq Domalaq kolindegi qurilis jumislari, Qarauy massivinda 2 ham 3 xanali turar-jay imaratları ham taǵı basqada qurılıs jumısları menen baylanislı.

## 207,7 %
## Xojeli rayonı
## 168,5 mlrd. sum

Xojeli rayonındaǵi joqarı ósim páti kórsetkishi rayondaǵı iri qurılıs jumıslarınan kollektorlar qazıw ham rekonstruksiya qiliw, ońlaw ham tiklew jumisları , sonday-aq kishi karxanalar tarepinen kóp qabatli turar-jaylardiń qurılisi esabına joqarı ósim pátine erisildi.

## 147,4 %
## Moynaq rayonı
## 37,9 mlrd. sum

Moynaq rayonındada joqari ósim páti kuzetiledi, Ozbekstan Respublikası Ministrler Keńesiniń 2019 jıl 16 yanvardaǵı 37-sanli buyrıǵına muwapıq Qaraqalpaqstan Respublikası Moynaq rayonın sotsial-ekonomikalıq rawajlandırıw boyınsha kompleks shara ilájlar ámelge asırılmaqda.

## Rayonlar kesiminde qurılıs jumısları úlesi



# Rayonlar kesiminde qurılıs jumısları




Qurılıs jumıslarınıń rayonlar kesiminde eń joqarı ósim patleri Xojeli - 207,7%, Beruniy - 160,5%, Moynaq -147,4%, Nókis - 139,5%, Taxtakópir -165,5%, Tórtkul - 137,2% rayonlarında kuzetildi.

-Ózbekstan Respublikası ministrler keńesiniń 2019 -jıl 16 -yanvardaǵı 37-sanlı qararına muwapıq Qaraqalpaqstan Respublikası Moynaq rayonın sociallıq ekonomikalıq rawajlandırıw barısında kompleks shara ilajlar programması boyınsha orınlanǵan qurılıs jumısları;

-TQVZ Texnogen ajiralmalarinin qayta islew kompleksı qurılısınıń 1-2-basqıshı.

-Xojeli hám Qońirat rayonlarında kollektorlardı qazıw, “Xayranli” hám “Xatep” kanalların rekonstrukciya etiw.

- Ellikqala rayonında “KT-1”, “K-5”, “Aqshakol”, “KT-3”,“K-4”, “K-11”, “Gúlistan”, “K-1 shortanbay” kollektorları, sonıń menen birge, Nókis rayonında “Kerdar” kanalın remontlaw-qayta tiklew jumısları boyınsha úlken kólemdegi qurılıs jumısları atqarıldı.

-O’zbekistan Respublikası Prezidentiniń PP-4201-san “Abat máhálle” dásturi tuwrısındaǵı Pármáni bejeriliwin ta’miynlew, sonday-aq, máhallelerdiń sırtqi kórinisin tupden jańalaw, territorial kompleks rawajlandırıw,jol-transport infrostrukturası,injener-kommunikaciya tarmaqları hám sotsial taraw obyektlerin jaratiw, sol tiykarda xalıqtiń turmis dárejesin asırıw maqsetinde hár bir rayon boyınsha máhállelerde ońlaw hám abadanlastırıw jumısları islenbekte.




**Qaraqalpaqstan Respublikası statistika basqarması Investiciya hám qurılıs statistikası bólimi**

**Orınlawshı: Z.Seytimbetova**

**tel:**

**(0361) 222-75-91**

**(8372) 230-82-13**

**(8372) 230-82-14**